



Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon sou Pwojè Reparasyon Vyadik Allston I-90

Sa k ap pase ?

Vyadik Allston I-90 ki la kounye a, ki pèmèt Massachusetts Turnpike (I-90) travèse ray tren pasaje Worcester Line nan Massachusetts Bay Transportation Authority (MBTA), an pasan nan zòn Allston/Brighton lan, bezwen reparasyon pou garanti sekirite trafik, pandan MassDOT ap fin fè plan travay la ak chèche jwenn pèmasyon pou pi gwo Pwojè I-90 Allston Multimodal la.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

Gen yon reyinyon piblik vityèl pou enfòmasyon ki pral òganize sou sit entènèt MassDOT ki nonmen pi ba la a, pou prezante modèl yo pwopoze pou Pwojè Reparasyon Vyadik Allston I-90 la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen an repons nan reyinyon an pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

Kilè

Mèkredi 14 septanm 2022
6:00 p.m.

Pou Patisipe

[Events | Mass.gov](https://www.mass.gov/events)



Tanpri sonje sa, gen yon estennograf ki pral anrejistre ak retranskri sa ki pase nan reyinyon an. Gade nan www.mass.gov/orgs/highway-division/events pou plis enfòmasyon.



Reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn 857-368-8580, fax 857-368-0602, relè 7-1-1, oswa nan adrès elektwonik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvab davans, anvan jou reyinyon an.

Ou mèt voye tout kesyon sou pwojè a tou nan adrès Dot.feedback.highway@state.ma.us
Si ou gen yon deklarasyon ekri ou vle fè sou pwopozisyon an, tanpri voye li nan adrès sa a : **Carrie E. Lavalley, P.E., Acting Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: PROJECT MANAGEMENT, PROJECT FILE NO. 612231**